

27 novanm

Pa gen anyen yon bon moun ka fè lè tout bagay tèt anba. Senyè a nan kay ki apa pou li a, Li gen fòtèy li nan syèl la. L ap gade lèzòm : Li konnen sa y ap fè. Kit yo bon kit yo mechan Senyè a ap gade sa y ap fè. Sòm 11. 3-5

Si bagay yo tèt anba

Li Sòm 11

Nou ta vle viv alèz e santi n gen sekirite, san okenn danje. Men, eske sa posib ? Poutan, n ap viv nan yon monn ki sanble ak deskripsyon otè Sòm 11 lan : se yon monn kote moun fristre ap viv, paske yo t ap tann sekirite ak refij, lè bagay yo ap mal mache.

Sou kisa sosyete kretyèn lan fonde ? Tout bagay tèt anba, tout bagay detwi, fanmi an, moral la, lapè : yo poze tout bagay nan kesyon ! Kèk moun dekouraje e yo vle pete kouri kite chan batay la... Gen lòt san yo pa poze kesyon y ap chache richès, pouvwa, ak enflyans...

Nan sitiyasyon sa a, kisa moun ki jis la pral fè ? Men, kilès yon jis ye ? Dapre Bib la, moun ki jis la se moun ki kwè nan Bondye pou jistifye l. Li pa mete konfyans li nan bagay ki nan monn sa a. Jis la gade pi wo pase bagay ki nan monn sa a. Li gade an premye Bondye ki pap janm chanje, tout pwojè li yo akonpli.

Jis la va yon temwen lanmou ak mizerikòd Bondye, ak Sentete l tou, nan yon monn ki bliye Bondye, yon temwen nan pawòl, men nan aksyon tou, yon temwen ki ranpli ak esperans tou.

San yo pa kite yo dekouraje nan fason monn lan ye, jis la tankou yon santinèl ki pral ka di : Bajou a prèt pou kase pou kretyen yo viv avèk Kris pou tout tan. Men, apres, se va lannuit pou sila yo ki te refize kwè nan li (Ezayi 21. 12).

27 novembre

Si les fondements sont détruits, que fera le juste ? L'Éternel est dans le palais de sa sainteté, l'Éternel a son trône dans les cieux ; ses yeux voient... les fils des hommes. L'Éternel sonde le juste et le méchant.

Psaume 11. 3, 4

Si les fondements sont détruits...

Lire le Psaume 11

Nous souhaitons être heureux et nous sentir en sécurité, à l'abri. Mais est-ce possible ? Nous vivons dans un monde semblable à celui dont parle l'auteur du Psaume 11 : un monde frustré dans son attente de sécurité, dépourvu de refuge, aux fondements chancelants.

Où sont les fondements de la société dite chrétienne ? Tout est ébranlé, sapé ; la cellule familiale, la morale, la paix : tout est remis en cause ! Certains sont découragés et voudraient fuir cette scène de combats... D'autres, sans se poser de questions, recherchent les richesses, le pouvoir, l'influence...

Dans ces conditions, que fera le juste ? Mais qu'est-ce qu'un juste ? Selon la Bible, le juste c'est celui qui se confie en Dieu, non en lui-même, pour être justifié. Il ne se fie pas à ce qui est admis dans le monde. Le juste regarde plus haut que ce qui se présente à ses yeux. Il regarde d'abord à Celui qui ne change pas, Dieu, dont les plans s'accomplissent.

Le juste sera un témoin de l'amour et de la miséricorde de Dieu, de sa sainteté aussi, dans un monde qui oublie Dieu, un témoin en paroles, mais aussi en actes, un témoin rempli d'espérance.

Sans se laisser décourager par l'état de ce monde, le juste sera comme une sentinelle qui pourra dire : "Le matin vient, et aussi la nuit" (Ésaïe 21. 12). Le matin d'un jour sans fin avec Jésus pour ceux qui auront cru en lui, mais aussi la nuit pour ceux qui l'auront refusé.